

## **AVI POU PWOPZISYON REGLEMAN REKOU KOLEKTIF**

*17<sup>yèm</sup> Sikui Jidisyè nan Konte Broward epi pou Konte Broward, nan Florida te otorize Avi sa a.*

*Se pa yon demann yon avoka fè.*

**POU:** Tout 1,152 pasyan ki te resevwa yon lèt Linda Niessen, ki se Dwayen epi Pwofesè nan Fakilte Medsin Dantè ki nan Nova Southeastern University te voye, pou enfòm yo pou di yo ka te ekspoze ak iregilarite nan pwotokòl esterilizasyon yo te preskri pandan yo te pasyan nan Klinik Otodontik pou Etidyan Twazyèm Sik nan NSU ki chita kò li nan 3200 South University Drive in Davie, Florida, ant mwa jiyè 2015 rive mwa fevriye 2018, epi pou ofri yon tès depistaj san, epi ki moun ki te jwenn yon tès depistaj san rezilta yo te negatif pou nenpòt maladi viris lakoz akoz ekspozisyon sa a.

SI OU SE MOUN YO NONMEN KI RESEVWA AVI SA A, YO IDANTIFYE OU ANTANKE YON MANM NAN YON GWROUP MOUN YO JWENN YON ANTANT POU LI NAN ZAFÈ TIFFANY AGUERO, ET AL. KONT NOVA SOUTHEASTERN UNIVERSITY, INC., NIMEWO DOSYE.: CACE-18-028483 (FLA. 17<sup>TH</sup> JUD. CIR.). TANPRI PRAN SAN W POU LI AVI SA A EPI LI TOUT NÈT. REGLEMAN GWROUP PWOSÈ A PRAL AFEKTE DWA W GENYEN YO KIT OU FÈ AKSYON KIT OU PA FÈ AKSYON.

AVI SA A SE PA EKSPRESYON OKENN OPINYON TRIBINAL LA NI NENPÒT PATI KONSÈNAN DWA LEGAL NENPÒT DEKLARASYON OSWA DEFANS TOUDE PATI NAN PWOSÈ SA A RETE FÈM SOU LI. SÈL OBJEKTIF AVI SA A SE POU ENFÒME W SOU PWOSÈ A YON FASON POU W KAPAB PRAN YON DESIZYON EKLERE POU RETE OSWA SOTI NAN REGLEMAN REKOU KOLEKTIF LA AK KONSEKANS FINANSYÈ LI GENYEN YO.

### **DWA LEGAL AK OPSYON OU GENYEN YO**

<b>1. Pa Fè Anyen</b>	Ou pral otomatikman fè pati pwosè sa a si w se yon manm Gwoup la. Epiou, ou pral renonse ak dwa ou genyen pou fè pwosè nan yon dosye diferan sou menm kesyon a. Apre Tribinal la fin bay Apwobasyon Final pou Regleman Gwoup la, ou pral bezwen soumèt yon fòm reklamasyon pou w ka resevwa lajan regleman an. Si w chwazi opsyon sa a, ou pa bezwen fè anyen epi yo ap tou mete w nan Gwoup Regleman an.
<b>2. Pwoteste Regleman an</b>	Ou pral tou fè pati Gwoup Regleman an. Epiou, ou pral renonse ak dwa ou

	genyen pou fè pwosè nan yon dosye diferan sou menm kesyon a. Men, ou pral pwoteste kondisyon regleman an. Si w chwazi opsyon sa a, ou pa bezwen fè anyen pou yo mete ou nan gwoup regleman an, piske yo ap tou mete w ladan li. Sepandan, si w vle chwazi pwoteste kondisyon regleman an, oumenm oswa pwòp avoka pa w la pral oblije soumèt yon pwotestasyon alekri.
<b>3. Mete Tèt Ou Deyò (Soti)</b>	Mete tèt ou deyò nan gwoup regleman an epi renonse ak dwa ou genyen pou chèche lajan nan regleman gwoup la men konsève dwa w genyen pou fè pwosè nan yon dosye diferan sou menm kesyon an. Si w chwazi opsyon sa a, ou pral bezwen prepare w pou soumèt yon demann alekri pou yo mete ou deyò nan gwoup regleman an.

**AVI POU YON PWOSÈ REKOU KOLEKTIF YO PWOPOZE KI ANKOU:** Se pou konnen yon pwosè ki gen pou tit *Tiffany Aguero, poukont li, epi nan non timoun minè li a, ki se L.H., epi nan non tout lòt moun ki nan menm gwoup la kont Nova Southeastern University, Inc.*, (nimewo dosye CACE-18-028483) ki ankou nan 17<sup>yèm</sup> Sikui Jidisyè nan Konte Broward epi pou Konte Broward, nan Florida (pwosè a) ka afekte dwa w yo si w te resevwa yon lèt Linda Niessen, ki se Dwayen epi Pwofesè nan Fakiltè Medsin Dantè ki nan Nova Southeastern University te voye, pou enfòm yo pou di yo ka te ekspoze ak iregilarite nan pwotokòl esterilizasyon yo te preskri pandan yo te pasyan nan Klinik Ôtodontik pou Etidyan Twazyèm Sik nan NSU ki chita kò li nan 3200 South University Drive in Davie, Florida, ant mwa jiyè 2015 rive mwa fevriye 2018, epi pou ofri yon tès depistaj san, epi ki moun ki te jwenn yon tès depistaj san rezilta yo te negatif pou nenpòt maladi viris lakoz akoz ekspozisyon sa a.

**AVI POU REGLEMAN:** Se pou konnen Plenyan nan pwosè a ki se, Tiffany Aguero ak L.H. (“Plenyan” oswa “Reprezantan Gwoup”), nan non yo ak tout lòt Manm Gwoup Regleman yo (jan sa defini pi ba a), te rive jwenn yon pwopozisyon regleman avèk Nova Southeastern University (“NSU” ak/oswa “Akize”) sou tèm ak kondisyon yo defini nan ÒDONANS YO DAKÒ SOU LI A Tribinal la te rann nan dat ki te 13 oktòb 2020 an. Pral gen yon fon regleman disponib pou yo distribye bay chak manm Gwoup Regleman ki soumèt yon fòm reklamasyon a tan, sèlman si Tribinal la apwouve regleman an epi yo kenbe apwobasyon an apre nenpòt kontestasyon.

Sa ki vini annapre a bay yon deskripsyon detaye sou pwopozisyon regleman gwoup ak dwa ou genyen si w se yon Manm Gwoup Regleman, avantaj yo disponib anba regleman an epi fason ou kapab jwenn avantaj yo, ki gen ladan dat limit ak egzijans ki aplikab yo.

### ENFÒMASYON DEBAZ

<p><b>SOU KISA PWOSÈ SA A AP FÈT?</b></p> <p>Plenyan yo tanmen pwopozisyon rekou kolektif sa a nan non 1,152 moun ki te resevwa yon lèt Linda Niessen, ki se Dwayen epi Pwofesè nan Fakilte Medsin Dantè ki nan NSU te voye, pou enfòmasyon yo pou di yo ka te ekspoze ak iregilarite nan pwotokòl esterilizasyon yo te preskri pandan yo te pasyan nan Klinik Ôtodontik pou Etidyan Twazyèm Sik nan NSU ki chita kò li nan 3200 South University Drive in Davie, Florida, ant mwa jiyè 2015 rive mwa fevriye 2018, epi pou ofri yon tès depistaj san, epi ki moun ki te jwenn yon tès depistaj san rezilta yo te negatif pou nenpòt maladi viris lakoz akòz ekspozisyon sa a. Plenyan yo deklare lèt la ak sa ki ladan li te lakoz yo gen detès emosyonèl jouk nan moman yo te resevwa yon rezilta tès negatif yo gen dwa pou jwenn domaj-enterè pou li. NSU refize admèt li responsab oswa li te lakoz domaj pou detès emosyonèl. Avèk regleman sa a, NSU pa admèt li fè anyen ki mal.</p> <p>Pati yo te dakò pou regle pwosè a selon tèm ak kondisyon yo eksplike nan avi sa a.</p>
<p><b>POUKISA SA SE YON REKOU KOLEKTIF?</b></p> <p>Nan yon rekou kolektif, youn oswa plizyè moun yo rele reprezantan gwoup (nan kad dosye sa a, Tiffany Aguero, poukont li, epi nan non timoun minè li a, ki se L.H.) ap fè yon pwosè nan non moun ki gen menm reklamasyon yo. Yo rele tout moun sa yo Gwoup oswa Manm Gwoup. Yon tribinal rezoud pwoblèm yo pou tout Manm Gwoup yo, sof pou sila yo ki chwazi mete tèt yo deyò nan Gwoup la.</p> <p>Jij Nicholas Lopane, Jij Sikui pou 17<sup>yèm</sup> Sikui Jidisyè nan Konte Broward epi pou Konte Broward, nan Florida, responsab pwopozisyon rekou kolektif sa a.</p>
<p><b>POUKISA GEN YON REGLEMAN?</b></p> <p>Tribinal la pa t deside an favè Plenyan yo ni NSU. Toude pati yo te aksepte fè yon regleman pito. Konsa, yo evite frè pwosè a, epi avantaj regleman yo al jwenn Manm Gwoup Regleman ki soumèt yon fòm reklamasyon konplè epi a tan. Reprezantan Gwoup yo ak avoka yo panse regleman nan enterè Manm Gwoup Regleman yo lè yo konsidere avantaj regleman yo pwopoze a, risk pou pwosè a kontinye, ak reta ki genyen lè pou jwenn reparasyon pou Gwoup la si pwosè a kontinye.</p>
<p><b>KIYÈS KI NAN GWROUP REGLEMAN AN?</b></p> <p>Ou se yon Manm Gwoup Regleman si w se youn nan 1,152 moun ki te resevwa yon lèt Linda Niessen, ki se Dwayen epi Pwofesè nan Fakilte Medsin Dantè ki nan Nova Southeastern University te voye, pou enfòmasyon yo pou di yo ka te ekspoze ak iregilarite nan pwotokòl esterilizasyon yo te preskri pandan yo te pasyan nan Klinik Ôtodontik pou Etidyan Twazyèm Sik</p>

nan NSU ki chita kò li nan 3200 South University Drive in Davie, Florida, ant mwa jiyè 2015 rive mwa fevriye 2018, epi pou ofri yon tès depistaj san, epi ki moun ki te jwenn yon tès depistaj san rezilta yo te negatif pou nenpòt maladi viris lakoz akoz ekspozisyon sa a.

Pou elijib pou jwenn avantaj nan kad regleman an, fòk ou se yon Manm Gwoup Regleman.

## AVANTAJ REGLEMAN AN

### PEMAN LAJAN KACH LÈ YO RESEVWA FÒM REKLAMASYON AN

Selon kondisyon regleman an, NSU dakò pou li bay yon total fon regleman ki se \$5,456,000 dola ("Fon" an) pou li peye tout reklamasyon Gwoup Regleman an fè. Yo pral itilize Fon an pou peye frè avi pou rekou kolektif la ak frè distribisyon peman yo (yo estime ki pa depase \$100,000 dola), ansanm ak onorè avoka gwoup yo pou yon montan \$1,800,000 dola, onorè avoka gwoup la pou yon montan ki se \$30,000 dola ak endamnite pou sèvis ki se \$12,000 dola ki pral jwenn Reprezantan Gwoup la epi \$2,000 dola chak ki pral jwenn "Plenyan ki Mete Ansanm yo". Yo pral itilize rès \$3,456,000 dola a ("Fon Regleman Nèt") pou fè peman lajan kach \$3,000 dola bay chak Manm Gwoup Regleman ki soumèt a tan yon fòm reklamasyon ki konplè apre apwobasyon final Tribinal la. Yon administratè regleman endepandan, RG2 Claims Administration, LLC ("Administratè Regleman" an), Tribinal la apwouve, pral jere pwosesis distribisyon regleman an. **Montan regleman an ak distribisyon yo eksplike pi wo yo depannde apwobasyon final Tribinal la.**

Deleted: 295

Deleted: 8

Deleted: 55

Deleted: 2

### MONTAN PEMAN LAJAN KACH

Montan peman lajan kach ki pral jwenn chak nan Manm Gwoup Regleman ki soumèt yon fòm reklamasyon ki konplè a tan se \$3,000 dola. Yo pral peye nenpòt montan ki rete nan Fon an, yo pa peye oswa ki soti nan chèk yo pa chanje, si genyen, pou yon montan ki rive jiska \$350,000 dola. Nenpòt montan ki depase \$350,000 pral tounen vin jwenn NSU.

### KIJAN W KAPAB JWENN YON PEMAN LAJAN KACH?

Si w se yon Manm Gwoup Regleman epi adrès ki pi wo a kòrèk, ou pa bezwen fè okenn aksyon nan moman sa a. Apre Dènye Odyans sou Ekite a, Administratè Regleman an pral voye Dènye Òdonans Apwobasyon an ba ou ansanm avèk enstriksyon sou fason pou soumèt yon reklamasyon pou peman lajan kach ou a. Ou pral genyen katreven dis (90) jou apati dat Administratè Regleman an voye Dènye Òdonans Apwobasyon an ba ou ak enstriksyon sou fason pou soumèt yon reklamasyon pou peman lajan kach ou a pou soumèt fòm reklamasyon w lan. Si adrès ou chanje, ou dwe bay Administratè Regleman w lan nouvo adrès ou a. Pou kontakte Administratè Regleman an, ale sou [www.rg2claims.com](http://www.rg2claims.com) oswa rele nan **1-866-742-4955**.

### KILÈ MWEN PRAL RESEVWA ENDAMNITE REGLEMAN M LAN?

Tribinal la pral òganize yon Dènye Odyans sou Ekite 2 mas 2021 a 9:30 AM nan Sal Odyans Onorab Nicholas Lopane ki nan Tribinal Konte Broward, 201 S.E. 6<sup>th</sup> Street, Room 14129,

WW14155, Fort Lauderdale, Florida 33301, pou li deside si pou li apwouve regleman an. **Tribinal la ka chanje dat, lè, kote oswa manyè odyans pou apwobasyon final la fèt san li pa voye avi bay Gwoup Regleman, epi ou ta dwe ale sou Sitwèb Regleman ki se [AgueroNSUclassactionsettlement.com](http://AgueroNSUclassactionsettlement.com) oswa nan dosye piblik tribinal yo ki anrejistre nan kad pwosè sa a pou jwenn nenpòt mizajou; ou kapab jwenn dosye piblik tribinal yo tou sou [www.browardclerk.org](http://www.browardclerk.org).** Si Tribinal la apwouve regleman an, ka gen kontestasyon, sa ki kapab pwolonje pwosesis la rive plizyè mwa oswa plis.

#### **ANN ECHANJ AVANTAJ REGLEMAN SA YO, AK KISA M AP RENONSE?**

Si Tribinal la apwouve pwopozisyon regleman w lan epi ou pa mande pou yo mete w deyò nan Gwoup Regleman an, ou dwe abandone (sa vle di, renonse) tout reklamasyon legal kont NSU konsa:

Plenyen ki Reprèzante a ak tout Manm Gwoup yo, ki gen ladan dirijan aktyèl ak ansyen dirijan, direktè, anplwaye, avoka, eritye, egzèkityèl testaman, administratè, ajan, reprèzantan legal, antrepriz pwofesyonèl, patenarya, benefisyè ak siksesè yo, men sèlman nan mezi reklamasyon yo soti nan reklamasyon Manm Gwoup yo (ansanm, "Pati ki Renonse yo"), dwe renonse epi voye jete tout reklamasyon, ki gen ladan deklarasyon, dwa, ak dèt sou nenpòt fòm, tankou men gen toujou, aksyon, reklamasyon, egzijans, kòz aksyon, obligasyon, domaj enterè, dèt, frè, onorè avoka, abitraj, pèt byen, jijman, rekonesans dèt, dwa privilèj ak pèt sou nenpòt fòm, sous oswa nati kit se rezilta lwa federal oswa lwa eta a, kit yo konnen kit yo pa konnen, kit yo afime kit yo pa afime, kit nenpòt Pati ki Abandone afime nan pwòp non pa li oswa nan non nenpòt lòt moun oswa antite, ki rive nan dat li an vigè oswa anvan dat li an vigè, kit se nan kontra, fòmèl oswa enfòmèl, deli, an dwa oswa ann ekite oswa ki soti nan nenpòt lwa oswa règlemantasyon oswa selon nenpòt lwa oswa règlemantasyon, pou rezon, ki soti nan, oswa nan nenpòt manyè ki gen pou wè ak nenpòt nan fè, zak, evènman, tranzaksyon, bagay ki rive, konpòtman, pratik komèsyal, reprèzantasyon, mankman, sikonstans oswa lòt kesyon ki gen pou wè nan nenpòt manyè ak pwosè a, oswa yo abòde nan Akò sa a, kit nenpòt Pati ki Abandone te kanpe fèm sou reklamasyon sa a nan pwòp non pa li oswa nan non lòt moun yo ("Reklamasyon yo Abandone" a) kont Akize a ak nenpòt nan benefisyè, predesèsè, siksesè, afilye, sosyete mè, filyal, konpayi yo kontwole, konpayi asirans, anplwaye, dirijan, direktè, administratè ak ajan ki ansyen, ki la kounye a epi k ap vini (ansanm, "Pati ki Abandone" yo).

Pati ki Abandone yo epi chak nan yo aksepte nan mezi maksimòm lalwa otorize pou yo pa fè pwosè ni kolabore nan depoze oswa pousuiv nenpòt pwosè oswa pwosedi, nan okenn fowòm sou baz oswa ki gen pou wè ak nenpòt Reklamasyon yo Abandone kont nenpòt Pati ki Abandone.

Entansyon Pati yo se pou Akò sa a elimine tout risk ak responsablite anplis Pati ki Abandone yo genyen ki gen pou wè ak Reklamasyon yo Abandone yo. Pa konsekan, yo dakò pou Tribinal la mete nan Òdonans ak Jijman Final la yon Dispozisyon Òdonans Bawo konsa:

Sof si yon tribinal ki konpetan oblije sa, yo pase Pati ki Abandone yo lòd pou yo pa janm: (i) depoze, tanmen, pousuiv, entèvni, patisipe nan okenn avantaj oswa resevwa okenn

avantaj nan okenn pwosè, abitraj, pwosedi administratif oswa reglemantè oswa òdonans nan okenn jiridiksyon sou baz nenpòt oswa tout Reklamasyon yo Abandone kont youn oswa plizyè Pati ki Abandone; (ii) angaje, òganize manm gwoup yo pou yo vin jwenn manm gwoup yo, chanje yon pledwaye oswa mande patisipasyon manm gwoup yo nan nenpòt aksyon oswa abitraj, tankou men gen toujou yon rekou kolektif yo di yo fè, nan nenpòt jiridiksyon kont youn oswa plizyè Pati ki Abandone sou baz nenpòt reklamasyon, ki enplike oswa entegre, dirèkteman oswa endirèkteman, nan nenpòt Reklamasyon yo Abandone; epi (iii) depoze, tanmen, entèveni, patisipe nan nenpòt avantaj oswa resevwa nenpòt avantaj nan okenn pwosè, abitraj, pwosedi administratif oswa reglemantè oswa òdonans nan okenn jiridiksyon sou baz yon deklarasyon ki di aksyon Pati ki Abandone yo, ki konfòm ak dispozisyon Akò a, vyole dwa nenpòt Manm Gwoup.

Tout moun yo di ki se, ki te, ki te kapab, oswa ki ta kapab ko-otè, ko-konplotè oswa ko-debitè avèk nenpòt oswa tout Pati ki Abandone ki respekte nenpòt oswa tout Reklamasyon yo Abandone yo, nan mezi maksimòm lalwa otorize epi sof si yon tribinal konpetan oblije li, gen entèdiksyon pou yo pa janm fè, etabli, tanmen, pousuiv, patisipe nan okenn reklamasyon oswa kontinye nenpòt reklamasyon, reklamasyon ant akize, reklamasyon ki depase, aksyon, oswa pwosedi, nenpòt jan yo rele li, kèlkeswa akizasyon, done, lwa, teyori oswa prensip yo baze sou li yo, nan Tribinal sa a oswa nan nenpòt lòt tribinal, kont tout Pati ki Abandone nan sa ki konsène nenpòt oswa tout Reklamasyon yo Abandone, tankou kontribisyon ki ekitab, an pati, ki konparatif oswa konplè, dedomajman, endamnite, oswa yon lòt manyè kit se nan kontra, dwa komen oswa lwa, ki soti nan oswa ki gen pou wè nan nenpòt manyè ak Reklamasyon yo Abandone yo. Yo entèdi, abandone, elimine, anile, rezoud tout reklamasyon sa yo epi yo rann yo vin pa aplikab nan mezi maksimòm lalwa otorize, epi yo pa ka ni kòmanse, kenbe ni pousuiv ak okenn reklamasyon konsa kont okenn Pati ki Abandone.

Akize a rezève dwa li genyen pou l pousuiv nenpòt dèt li di Manm Gwoup yo dwe li akòz yo pa peye li. Manm Gwoup yo kenbe tout defans yo ka genyen konsènan dèt yo, eksepte yo ka pa kanpe fèm sou yon defans oswa yon kontreklamasyon ki baze sou Reklamasyon yo Abandone yo. Anplis, Akize a rekonèt epi li di NSU te abandone volontèman nenpòt dèt ak tout dèt Manm Gwoup yo akimile anvan novanm 2018 ki te soti nan klinik òtodontik Akize a, epi NSU retire obligasyon sa yo sou do manm gwoup yo.

#### **Renonsyasyon sa a gen ladan nenpòt lòt pwosè oswa pwosedi ki deja an kou.**

Jijman ak òdonans yo rann nan kad dosye sa a, kit li favorab kit li pa favorab, pral lye tout Manm Gwoup Regleman ki pa mande pou yo mete yo deyò, kit yon Manm Gwoup Regleman soumèt yon fòm reklamasyon. Yo site tout kondisyon Renonsyasyon an pi wo a epi kondisyon yo disponib sou Sitwèb Regleman an ki se **[AgueroNSUclassactionsettlement.com](http://AgueroNSUclassactionsettlement.com)**, oswa nan dosye piblik tribinal yo ki anrejistre nan kad pwosè sa a.

## AVOKA KI REPREZANTE W YO

### ÈSKE MWEN GEN YON AVOKA NAN KAD DOSYE SA A?

Avoka Plenyan an reprezante tout Manm Gwoup Regleman, Tribinal la te apwouve deja pou sèvi kòm Avoka Gwoup ki reprezante Gwoup Regleman an pou zafè regleman an. Si w vle pou pwòp avoka pa ou reprezante ou, ou ka pran youn w ap peye ak kòb nan pòch ou epi vini nan konparisyon an atravè pwòp avoka pa ou.

### KIJAN YO PRAL PEYE AVOKA YO?

Tribinal la deja apwouve onorè Avoka Gwoup yo pou yon montan ki se \$1,800,000 dola ak onorè Avoka Gwoup la pou yon montan ki se \$30,000 dola pou yo peye nan total Fon Regleman an. Tribinal la pral deside vrè onorè y ap bay avoka yo ak frè jistis yo pandan Dènye Odyans sou Ekite a.

Deleted: 55

## FASON POU RETIRE KÒ OU NAN REGLEMAN AN

Si w pa vle yo peye ou nan regleman sa a, men ou vle konsève dwa w genyen pou fè pwosè oswa kontinye fè NSU pwosè poukont ou sou kesyon jiridik nan kad dosye sa a, ou dwe pran mezi pou soti nan regleman an. Yo rele sa mete tèt ou deyò – oswa yo rele li pafwa chwazi pa patisipe nan Gwoup Regleman an.

### KIJAN POU M SOTI NAN REGLEMAN AN?

Si w pa vle yo mete w nan Gwoup Regleman an pou pa resevwa yon peman lajan kach, ou dwe voye yon lèt ki di ou vle pou yo mete w deyò nan Gwoup Regleman nan zafè *Tiffany Agüero*, poukont li, epi nan non timoun minè li a, ki se L.H., epi nan non tout lòt moun ki nan menm gwoup la kont *Nova Southeastern University, Inc.*, Nimewo dosye CACE-18-028483 17<sup>yem</sup> Sikui Jidisyè nan Konte Broward epi pou Konte Broward, nan Florida.

Asire w mete non ou, adrès ak nimewo telefòn ou genyen kounye a, siyati ou (oswa siyati reprezantan legal ou a), ak yon deklarasyon pou di ou vle pou yo mete w deyò nan Gwoup Regleman an.

Ou dwe voye lèt pou mande mete w deyò a nan lapòs Etazini an premye klas, epi li dwe gen tenm ki gen dat anvan **25 janvyè 2021** bay: *Agüero v Nova Southeastern University, Inc*  
c/o **RG2 Claims Administration LLC**  
P.O. Box 59479  
Philadelphia, PA 19102-9479

Ou pa kapab mete tèt ou deyò nan telefòn, faks oswa imèl.

### KISA K AP PASE SI M METE TÈT MWEN DEYÒ NAN REGLEMAN AN?

Si w mande pou yo mete w deyò, ou pa p jwenn okenn peman regleman, epi ou pa p kapab pwoteste regleman an. Sepandan, nenpòt bagay ki pase nan kad pwosè sa a pa pral angaje ou

legalman epi ou pral konsève dwa ou genyen pou kontinye fè reklamasyon apa kont NSU ki gen pou wè ak objektif pwosè sa a.

**SI M PA METE TÈT MWEN DEYÒ, ÈSKE M KAPAB FÈ AKIZE A PWOSÈ POU MENM BAGAY LA PI DEVAN?**

Non. Amwenske ou mete tèt ou deyò, ou renonse ak dwa ou genyen pou fè NSU pwosè pou reklamasyon regleman sa a rezoud. Ou dwe retire kò ou nan *dosye* sa a ak Gwoup Regleman an pou ka kontinye ak pwòp pwosè pa ou. Sonje, lèt pou mande mete w deyò a dwe gen tenm sou li **25 janvyè 2021** oswa anvan **25 janvyè 2021**.

**SI MWEN METE TÈT MWEN DEYÒ, ÈSKE M AP KAPAB JWENN LAJAN NAN REGLEMAN SA A?**

Non. Si w mete tèt ou deyò, ou pa p resevwa okenn lajan nan regleman sa a. Men, ou pa pral pèdi okenn dwa ou ka genyen pou fè pwosè (oswa kontinye fè pwosè) nan kad yon pwosè diferan kont NSU konsènan kesyon jiridik oswa reklamasyon nan kad dosye sa a. Si w chwazi tanmen yon nouvo pwosè, reklamasyon w lan pral limite nan tan. Kidonk, ou dwe aji rapid.

**FASON POU PWOTESTE REGLEMAN AN**

Ou kapab di Tribinal la ou pa remen regleman an oswa kèk pati ladan li.

**KIJAN POU M DI TRIBINAL LA MWEN PA RENMEN REGLEMAN AN?**

Si w se yon Manm Gwoup Regleman, ou kapab pwoteste regleman an si w pa renmen okenn pati ladan li, epi Tribinal la pral konsidere prendvi ou yo. Pou pwoteste, ou dwe depoze yon lèt bòkote Tribinal la epi bay Avoka Gwoup la yon kopi ki di ou kont regleman an nan zafè *Tiffany Agüero, poukont li, epi nan non timoun minè li a, ki se L.H., epi nan non tout lòt moun ki nan menm gwoup la kont Nova Southeastern University, Inc.*, Nimewo dosye CACE-18-028483 17<sup>yèm</sup> Sikui Jidisyè nan Konte Broward epi pou Konte Broward, nan Florida.

Asire w mete yon antèt ki fè referans ak non dosye a, non ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, siyati ou, yon deklarasyon pou di ou te resevwa yon lèt Linda Niessen, ki se Dwayen epi Pwofesè nan Fakilte Medsin Dantè ki nan Nova Southeastern University te voye, pou enfòmè w pou di ou ka te ekspoze ak iregilarite nan pwotokòl esterilizasyon yo te preskri pandan ou te pasyan nan Klinik Otodontik pou Etidyan Twazyèm Sik nan NSU, epi ou te jwenn yon tès san, epi rezilta tès san w lan te negatif, yon deklarasyon pou di si w gen entansyon konparèt nan Dènye Odyans sou Ekite a, ak rezon epi done ki fè ou pwoteste regleman an. Ou dwe deklare tou anba sanksyon pou fo sèman ou se yon Manm Gwoup Regleman. Si w gen yon avoka ki reprezante ou, asire w mete non, adrès, ak nimewo telefòn avoka sa a.

Fòk **yo resevwa pwotestasyon w lan** nan twa (3) kote diferan sa yo anvan **25 janvyè 2021**:



Grefye Tribinal pou Onorab Nicholas Lopane  
Tribinal Konte Broward  
201 S.E. 6<sup>th</sup> Street, Room 14129, WW14155  
Fort Lauderdale, FL 33301

Avoka Gwoup

Jay Cohen  
COHEN, BLOSTEIN & AYALA PA  
100 SE 3<sup>rd</sup> Avenue, Suite 1100  
Fort Lauderdale, FL 33394

Avoka NSU

Evan Marowitz  
COLE, SCOTT & KISSANE  
110 Tower  
110 S.E. 6<sup>th</sup> Street, Suite 2700  
Ft. Lauderdale, FL 33301

**KI DIFERANS KI GENYEN ANT LÈ W PWOTESTE AK LÈ W RETIRE KÒ OU?**

Ou pwoteste se lè w di Tribinal la ou pa renmen yon bagay nan regleman an. Ou kapab pwoteste sèlman si w rete nan Gwoup Regleman an. Ou retire kò ou se lè w di Tribinal la ou pa vle fè pati Gwoup Regleman an oswa pwochè a. Ou pa kapab mande pou yo mete w deyò epi pwoteste regleman an. Si w mete tèt ou deyò, ou pa gen okenn rezon pou pwoteste paske pwochè a ak regleman an pa afekte ou ankò.

**DÈNYE ODYANS SOU EKITE A**

Tribinal la pral òganize yon Dènye Odyans sou Ekite pou li deside si pou li apwouve regleman an. Ou ka patisipe, epi ou ka mande pou pale nan odyans lan, men ou pa oblije fè li nonplis.

**KILÈ AK KI KOTE TRIBINAL LA PRAL DESIDE SI POU LI APWOUVE REGLEMAN AN?**

Tribinal la pral òganize yon Dènye Odyans sou Ekite jou ki ap 2 mas 2021 a 9:30 AM nan Sal Odyans Onorab Nicholas Lopane lan nan Tribinal Konte Broward ki nan, 201 S.E. 6<sup>th</sup> Street, Room 14129, WW14155, Fort Lauderdale, Florida 33301. **Tribinal la ka chanje dat, lè, oswa fason y ap fè odyans lan (sa vle di, pa mwayen konferans videyo oswa telefòn nan plas odyans an dirèk) san li pa voye avi bay Gwoup Regleman an, epi ou ta dwe ale sou Sitwèb Regleman an ki se [AgueroNSUclassactionsettlement.com](http://AgueroNSUclassactionsettlement.com). oswa nan dosye piblik tribinal yo ki anrejistre nan kad pwochè sa a pou jwenn nenpòt mizajou.** Pandan Dènye Odyans sou Ekite a, Tribinal la pral konsidere si regleman an jis, rezonab epi sifizan. Si gen pwotestasyon, Tribinal la pral konsidere yo. Tribinal la pral tande moun ki te mande pou yo pale nan odyans lan. Apre odyans lan, Tribinal la pral deside si pou li apwouve regleman an. Tribinal la pral pran desizyon

final sou onorè Avoka Gwoup la ak frè jidisyè yo. Nou pa konnen konbyen tan desizyon sa a pral pran.

**ÈSKE MWEN OBLIJE VINI NAN ODYANS LAN?**

Non. Avoka Gwoup la pral reponn nenpòt kesyon Tribinal la ka genyen. Men, ou kapab fè pwòp depans pa ou pou vini nan odyans lan. Si w soumèt yon pwotestasyon, ou pa oblije prezan nan odyans lan. Depi w te depoze epi remèt pwotestasyon w lan a tan, ou te siyen li epi bay tout enfòmasyon ki obligatwa yo, Tribinal la pral konsidere li. Ou ka peye pwòp avoka pa w pou li asiste odyans lan, men li pa nesèsè.

**ÈSKE M KA PALE NAN ODYANS LAN?**

Si w se yon Manm Gwoup Regleman, ou ka pale nan Dènye Odyans sou Ekite a, anba rezèv limit jij k ap prezide odyans lan. Ou pa p kapab pale nan odyans lan si w mete tèt ou deyò nan Gwoup Regleman an.

**SI W PA FÈ ANYEN**

**KISA K AP PASE SI MWEN PA FÈ ANYEN DITOU?**

Si w pa fè anyen, ou pral fè pati Gwoup Regleman an. Ou pral resevwa yon kopi Dènye Òdonans Ekite a pa lapòs Administratè Regleman an pral voye ba ou ansanm avèk enstriksyon sou fason pou soumèt yon fòm reklamasyon pou resevwa peman lajan kach ou nan regleman an. Ou pral genyen katreven dis (90) jou apati dat Administratè Regleman an voye Dènye Òdonans Ekite a ba ou ak enstriksyon sou fason pou soumèt yon fòm reklamasyon. **Si w pa depoze yon fòm reklamasyon ki konplè a tan, ou pa p resevwa peman lajan kach ou a.** Kit ou soumèt yon fòm reklamasyon, ou pa p an mezi pou w kòmanse yon pwosè, kontinye ak yon pwosè, ni fè pati okenn lòt pwosè kont NSU konsènan reklamasyon ak pwoblèm nan kad dosye sa a.

**FASON POU JWENN PLIS ENFÒMASYON**

**ÈSKE GEN PLIS DETAY SOU REGLEMAN AN?**

Dispozisyon Regleman an gen kondisyon konplè akò pati yo. Ou kapab jwenn yon kopi sou **AgueoNSUclassactionsettlement.com**, oswa lè w gade dosye ki anrejistre yo nan dosye sivil Tribinal la ("DomainWeb") sou <http://www.browardclerk.org>.

Yo egzamine pledwaye ak lòt dokiman yo nan kad pwosè sa a pandan èdtan ouvrab regilye yo nan Grèf la, Tribinal Konte Broward ki nan, 201 S.E. 6<sup>th</sup> Street, Room 14129, WW14155, Fort Lauderdale, Florida 33301.

Si w genyen plis kesyon, ou ka rele Administratè Regleman an nan **1-866-742-4955**.

**PA KONTAKTE TRIBINAL LA NI GRÈF TRIBINAL LA  
KONSÈNAN AVI SA A. OU TA DWE VOYE TOUT KESYON YO BAY  
ADMINISTRATÈ REGLEMAN AN**